




## ESTANDA OBLIGATWA SOU SEKIRITE



### DISTANS SOSYAL

Ranje chèz yo kidonk zòn travay la kapab gen distans 6 pye apa  
 Enstale makè vizyèl pou ankouraje kliyan yo rete omwen 6 pye apa  
 Chanje lè poz ak manje, regle kantite moun yonsèl kote ak asire omwen yon distans fizik 6 pye  
 Fèmen oswa rekonfigire espas komen travayè yo ak zòn dansite elve nan etablisman yo kote travayè yo siseptib pou rasanble (egzanp., sal repo, zòn pou manje) pou otorize yon distans fizik 6 pye  
 Egzije kouvri figi pou tout kliyan ak travayè yo, sof lè yon moun pa kapab mete yon mask nan figi akòz yon kondisyon medikal oswa andikap  
 Egzije pou travayè yo mete gan, blouz oswa wòb, ak linèt preskripsyon, linèt sekirite oswa pwoteksyon


#### Rekòmande pi bon pratik yo

Amelyore vantilasyon pou espas ki fèmen yo (egzanp., ouvè pòt ak fenèt)  
 Enstale patisyon fizik ant estasyon travay yo lè sa posib (dwe piwo pase yon travayè ki kanpe)  
 Ankouraje metòd peman ki san kontak



### PWOTOKÒL IJYÈN

Asire aksè nan etablisman pou lave men sou chantye a, sa ki gen ladan savon ak dlo, epi akòd sifizaman tan pou travayè yo lave men yo souvan; yo ka itilize kòm yon altènativ dezenfektan pou men a baz alkòl avèk omwen 60% alkòl  
 Bay travayè yo nan lokal plas travay yo pwodui netwayaj adekwat (egzanp., dezenfektan, sèvyèt dezenfektan)  
 Mande pou chanje gan ak lave men anvan ak apre chak kliyan  
 Pa pèmèt pataje zouti ak founiti ant travayè yo (sizay, peny, bwòs, elatriye.)  
 Itilize kap pwòp pou chak kliyan  
 Travayè yo ta dwe chanje an yon blouz pwòp ant chak kliyan. Konsidere itilize kap ak blouz jetab. Kap, sèvyèt ak blouz yo kapab re-itilize yo ta dwe lave ant chak itilizasyon  
 Dezenfekte tout zouti ant kliyan yo  
 Afiche siy vizib nan tout chantye a pou fè travayè yo sonje pwotokòl ijyèn ak sekirite



### PÈSONÈL & OPERASYON

Limite sèvis nan cheve sèlman (koupe cheve, koulè, sechwa-bwòs ak tretman). Sèvis ki pa gen rapò avèk cheve pa otorize (sousi, koupe bab, epilasyon bouch, maniki, elatriye.)  
 Bay travayè yo fòmasyon sou estanda sekirite, dènye enfòmasyon sou sekirite ak prekosyon sa ki gen ladan ijyèn ak lòt mezi sou sekirite  
 Ajiste lè ak orè travay yo (ekip travay avèk diferan orè oswa chanjman nan arive/depa) pou diminye kontak ant travayè yo ak redwi konjesyon  
 Fèmen sal datant yo epi mande kliyan pou kliyan yo rete tann deyò oswa nan veyikil yo jiskaske lè randevou yo rive  
 Mande pou kliyan yo mete yon randevou alavans pou yo ka resevwa sèvis  
 Kenbe yon jounal sou travayè ak kliyan yo pou sipòte swivi kontak yo (non, dat, lè, enfòmasyon kontak) si nesèsè  
 Retire akseswa ki pa nesèsè yo (magazin, aparèy dlo oswa kafe pou kliyan yo, sal pou mete manto, elatriye.)  
 Tout travayè yo dwe rete lakay yo si yo santi yo malad  
 Si yo enfòmè anplwayè sou yon ka pozitif nan plas travay la, anplwayè a pral enfòmè Komisyon Depatman Sante Lokal (LBOH) nan vil oswa vilaj kote plas travay la lokalize epi travay avèk yo pou retrase posib kontak nan plas travay la ak konseye travayè yo pou yo izole ak mete tèt yo an karantèn. Yo ka mande pou lòt travayè yo fè tès ki konsistan avèk gid ak/oswa sou demann LBOH  
 Afiche avi pou travayè ak kliyan yo sou enfòmasyon sante enpòtan ak mezi pou sekirite jan li endike nan direktiv gouvènman an

#### Rekòmande pi bon pratik

Travayè yo ki patikilyèman vilnerab nan COVID-19 dapre Sant pou Kontwòl Maladi (egzanp., akòz laj oswa lòt kondisyon sante) yo ankouraje w pou rete lakay ou  
 Ankouraje travayè yo pou idantifye sentòm yo oswa nenpòt kontak pwòch nan yon ka koni oswa sispèk COVID-19 bay anplwayè yo  
 Ankouraje travayè ki teste pozitif pou COVID-19 pou divulge bay anplwayè a nan biwo a pou rezon netwayaj /dezenfekte ak retrase kontak



### NETWAYAJ & DEZENFEKSYON

Fè netwayaj ak dezenfeksyon souvan sou chantye a (omwen chak jou ak pi souvan si posib)  
 Kenbe jounal netwayaj la ki gen ladan dat, lè, ak nivo netwayaj la  
 Dezenfekte souvan zòn ki gen anpil transpò yo ansanm avèk sifas yo manyen anpil yo (egzanp., manch pòt, charyo woulant, twalèt)  
 Nan sitiasyon yon ka pozitif, fèmen chantye a pou yon netwayaj ak sanitasyon apwofondi nan plas travay la avèk gid CDC  
 Dezenfekte zouti yo ant kliyan yo (egzanp., resipyan chanpou, chèz ak apwi pou tèt, sizay, peny, bwòs, razwa, zouti kwafi)